

Kout je sou ekosistèm enfòmasyon an Ayiti - Konfyans nan enfòmasyon ak kouvèti enfòmasyon ki gen rapò ak gouvènans epi eleksyon

Etid sa rive fèt gras ak kolaborasyon Internews, Panos Caribbean, ak Pòlicité
Fevriye - Me 2024



Kout je sou ekosistèm enfòmasyon an Ayiti - Konfyans nan enfòmasyon ak kouvèti enfòmasyon ki gen rapò ak gouvènans epi eleksyon

Etid sa rive fèt gras ak kolaborasyon Internews, Panos Caribbean, ak Policit 
Fevriye - Me 2024



Zanmi lektè, tanpri sonje dokiman « [Kout je sou ekosistèm enfòmasyon an Ayiti – Konfyans nan enfòmasyon ak kouvèti enfòmasyon ki gen rapò ak gouvènans epi eleksyon](#) » disponib nan lang franse ak anglè tou. Vèsyon kreyòl sa kouvri sèlman Rezime Egzekitif la, Konklizyon, ak Rekòmandasyon yo. Internews pral chèche plis mwayen pou pèmèt ke tout etid la tradwi epi rann li disponib pou tout Ayisyen ke sa ka enterese.

Internews, nan kolaborasyon avèk Panos Caribbean (Panos) epi laboratwa lide Pòlité te fè yon etid sou ekosistèm enfòmasyon nan diferan zòn jewografik peyi Ayiti. Objektif etid la se pou kontribye pou gen pi bon konpreyansyon sou òf ak demann enfòmasyon sou kesyon ki gen rapò ak gouvènans epi eleksyon. Etid la pote yon atansyon espesyal ak « bò demann » nan ekosistèm enfòmasyon an (sa vle di, sitwayen yo k ap resevwa enfòmasyon an). Etid sa a itilize yon metodoloji rechèch konbine¹ pou rive etidye konfyans ke Ayisyen yo mete nan medya kap ba yo enfòmasyon fyab epi itil sou kesyon gouvènans ak eleksyon. Apwòch metodolojik konbine sa ap pèmèt tou pou konprann pratik pwofesyonèl k ap bay enfòmasyon² yo sou sijè gouvènans ak eleksyon.

Sandis (110) jounalis ak pwofesyonèl kap travay nan domenn kominikasyon e ki tabli kò yo nan dis (10) departman peyi a te konplete yon sondaj (bò k ap ofri enfòmasyon nan ekosistèm enfòmasyon an). Aprè nou fin evalye kalite done yo, nou chwazi repons yon echantyon ki genyen ladann katrentrez (93) jounalis pou nou ka fè analiz. Pou nou te ka rasanble done kalitatif pou « bò demann » nan, nou reyalize dis (10) gwoup diskisyon nan wit (8) departman nan peyi a. Te genyen an total sansèz (116) moun ki te patisipan nan gwoup diskisyon sa yo, e chak gwoup diskisyon te dire anviwon 2 zè de tan.

1 Sa yo rele metòd miks nan langaj rechèch la : ki gen ladann metòd kantitatif ak metòd kalitatif

2 Tanpri sonje, pou objektif etid sa, nou itilize pi lwen tèm « founisè enfòmasyon/moun k ap bay enfòmasyon » ak « jounalis » menm jan.

Rezilta prensipal nan « bò demann » ekosistèm enfòmasyon an:

Politik piblik ki gen rapò ak ensekirite nan peryòd eleksyon yo: ensekirite parèt sijè prensipal ki enterese moun yo anvan ak apre peryòd eleksyon yo.

- **Gen divèjans sou mwayen pou resevwa enfòmasyon yo:** Gen kèk patisipan ki prefere jwenn enfòmasyon yo nan medya tradisyonèl yo akòz « deriv ki genyen nan kesyon rezo sosyal yo » epi paske « enfòmasyon ki bay nan medya tradisyonèl yo pi fyab ». Nan moun ki reponn yo pito rezo sosyal yo, yo di se paske « moun ka swiv enfòmasyon an dirèk sou rezo yo ».
- **Patisipan yo pa gen konfyans nan enfòmasyon kap pataje sou rezo sosyal yo** an jeneral. Sitou enfòmasyon ki gaye sou Facebook yo. Yo di enfòmasyon ki pibliye sou rezo sosyal yo pa revize menm jan ak sa ki pase nan medya tradisyonèl yo.
- **Difikilte pou jwenn enfòmasyon:** blakawout, pwoblèm entènèt ak ensekirite te site tankou difikilte prensipal ki anpeche sitwayen yo jwenn bon jan enfòmasyon fyab pandan peryòd eleksyon yo.
- **Pwofil kandida yo ak deba ant kandida yo:** se de (2) sijè sitwayen yo swete medya yo bay plis atansyon pandan peryòd eleksyon yo.
- **Patisipan yo gen tandans verifye enfòmasyon anvan yo pataje yo :** paske yo konnen anpil « fo nouvèl » ap boujonnen sou rezo sosyal yo ak/ oswa nan kèk medya patizan, majorite patisipan yo fè konnen yo verifye enfòmasyon ak fanmi, zanmi, oswa vwazen anvan yo pataje l ak lòt moun.
- **Patipri nan medya yo pandan eleksyon 2016 yo:** an jeneral, patisipan yo te gen enpresyon medya yo te anfavè yon kandida patikilye nan eleksyon 2016 yo, sa ki te favorize eleksyon kandida sila.
- **Enpòtans wòl medya yo:** patisipan yo te ekspriye nesosite pou yo rete enfòme sou aksyon gouvènman an, ke se swa sa ki la, oubyen sa kap investi aprè eleksyon yo. Daprè patisipan sila yo, medya yo dwe edike popilasyon an tou. Patisipan yo te ensiste ke medya yo ta dwe fè pati demokrasi patisipatif nan fouye epi chache detay sou aksyon gouvènman an. Medya yo dwe fè analiz konparatif ant sa gouvènman reyalize ak pwomès kanpay yo, epitou yo dwe asire ke aksyon gouvènman ap fè yo pa vyole manman lwa peyi a. Youn na patisipan te deklare: « Medya yo se je pèp la. Yo dwe ede popilasyon an nan kontwole aksyon gouvènman an. Popilasyon an pa konnen dwa li. Medya yo dwe edike pèp la tou. »

Rezilta prensipal bò kote founisè enfòmasyon yo:

- Nan moman sondaj la, 33% moun ki reponn yo t ap kouvri sijè ki gen rapò ak gouvènans, demokrasi, ak eleksyon, alòske 68% nan yo te deja kouvri kesyon ki gen rapò ak gouvènans, demokrasi, ak eleksyon yo.
- 67% nan moun ki reponn yo te ekspriye volonte yo pou kouvri eleksyon k ap vini yo, yo te reponn „wi“, san reflechi. Sepandan, 32% di y ap kouvri eleksyon tou depann de kèk rezon tankou: jwenn resous (13%), sitiwayon sekirite peyi a (12%), enterè editoryal (5%), ak enterè piblik (2%). Pami yo, 1% te di: eleksyon yo twò polemik ak danjere, kifè yo pa konte kouvri sijè sa.
- Jounalis yo rapòte y ap fè fas gwo defi nan kouvri sijè gouvènans, demokrasi, ak eleksyon: difikilte pou jwenn aksè ak yon moun kòm sous akòz : aksè fizik, sekirite, oswa lòt pwoblèm (28%); sekirite pèsonèl - pè reprezay, menas, ak entimidasyon (20%); absans odyans/ enterè nan sijè sa yo (15%); epi difikilte pou konnen sa k ap pase reyèlman (13%).
- Verifikasyon ak plizyè sous se prensipal apwòch 84% nan « founisè enfòmasyon yo » pou verifye enfòmasyon yo anvan yo pataje yo.
- Lè yo te mande yo si yo te gen zouti ak resous ki nesèsè pou kwape pataj dezenfòmasyon³ ak mezenfòmasyon⁴, 34% nan moun ki reponn yo te fè konnen yo pa gen anpil oswa pa gen okenn zouti ak resous pou diminye kantite dezenfòmasyon kap sikile yo, alòske 40% patisipan yo te di yo bezwen plis resous ak fòmasyon.
- 27% nan patisipan yo pa resevwa fòmasyon sou zouti ak resous pou diminye kantite move enfòmasyon ak dezenfòmasyon kap sikile yo.
- 67% nan jounalis yo rapòte yo te deja fè eksperyans presyon politik oswa menas pandan y ap kouvri sijè ki gen rapò ak demokrasi, gouvènans ak eleksyon an Ayiti.
- 40% moun ki reponn sondaj lan kwè medya ayisyen yo pa jwe wòl yo ase epi ak efikasite nan sansibilize piblik la sou gouvènans, demokrasi, ak eleksyon, alòske 16% kwè yo pa efikas ditou.
- Nan diferan chèn ki bay nouvèl yo, moun ki reponn sondaj yo te jwenn : pwogram radyo (42%) ak repòtaj nan radyo (23%) se fason ki pi efikas pou pataje enfòmasyon sou gouvènans, demokrasi, ak eleksyon ak piblik la.
- Daprè moun ki reponn yo, ankouraje plizyè mòd panse ak opinyon nan medya yo (42%) ak garanti sekirite jounalis yo (43%) se mezi prensipal gouvènman an ta dwe pran pou pèmèt laprès bay bon jan nouvèl avan eleksyon yo, pandan eleksyon yo ak apre eleksyon yo.

³ Fo nouvèl, non sèlman ki pa vre, men ki fèt pou nui yon moun oubyen yon gwoup nan sosyete a


⁴ Move enfòmasyon, nouvèl ki pa fin vre, ki manke verifye

Grafik 1:
Sèks founisè enfòmasyon nan sondaj lan




Etid sou Ekosistèm Enfòmasyon an Ayiti, Internews & Panos, Fevriye-Mas 2024

Grafik 2:
Laj patisipan yo




Etid sou Ekosistèm Enfòmasyon an Ayiti, Internews & Panos, Fevriye-Mas 2024

Grafik 3:
Nivo edikasyon patisipan nan sondaj lan




Etid sou Ekosistèm Enfòmasyon an Ayiti, Internews & Panos, Fevriye-Mas 2024

Grafik 4
Sitiyasyon pwofesyonèl patisipan yo




Etid sou Ekosistèm Enfòmasyon an Ayiti, Internews & Panos, Fevriye-Mas 2024

Grafik 5
Tip anlwayè patisipan nan sondaj la



Etid sou Ekosistèm Enfòmasyon an Ayiti, Internews & Panos, Fevriye-Mas 2024


Grafik 6
Patisipasyon founisè enfòmasyon yo nan dènye eleksyon ki te fèt la



Etid sou Ekosistèm Enfòmasyon an Ayiti, Internews & Panos, Fevriye-Mas 2024

Grafik 7


Desizyon sou patisipasyon founisè enfòmasyon yo nan eleksyon k ap vini yo



Etid sou Ekosistèm Enfòmasyon an Ayiti, Internews & Panos, Fevriye-Mas 2024

Grafik 8


Patisipan ki konn trete deja sijè sou gouvènans, demokrasi ak eleksyon yo suivan laj yo



Etid sou Ekosistèm Enfòmasyon an Ayiti, Internews & Panos, Fevriye-Mas 2024

Grafik 9


Patisipan ki t ap kouvri sijè sou gouvènans, demokrasi ak eleksyon yo pandan sondaj la



Etid sou Ekosistèm Enfòmasyon an Ayiti, Internews & Panos, Fevriye-Mas 2024

Grafik 10


Desizyon patisipan nan sondaj pou kouvri pwochen eleksyon yo



Etid sou Ekosistèm Enfòmasyon an Ayiti, Internews & Panos, Fevriye-Mas 2024

Grafik 11


Patisipan nan sondaj lan ki pa janm trete sijè sou gouvènans, demokrasi ak eleksyon nan moman sondaj la men ki prè pou fè sa



Etid sou Ekosistèm Enfòmasyon an Ayiti, Internews & Panos, Fevriye-Mas 2024


Grafik 12

Pwoblèm patisipan nan sondaj lan jwenn nan fè repòtaj sou gouvènans, demokrasi ak eleksyon yo an Ayiti




Etid sou Ekosistèm Enfòmasyon an Ayiti, Internews & Panos, Fevriye-Mas 2024

Grafik 13
Eksperyans presyon ak menas patisipan nan sondanj lan sibi lè yo kouvri sijè sou demokrasi, gouvènans ak eleksyon yo




Etid sou Ekosistèm Enfòmasyon an Ayiti, Internews & Panos, Fevriye-Mas 2024

Grafik 14
Sa patisipan yo di sou afimasyon kòm kwa medya ayisyen yo sansibilize piblik lan byen sou sijè tankou gouvènans, demokrasi, ak eleksyon yo




Etid sou Ekosistèm Enfòmasyon an Ayiti, Internews & Panos, Fevriye-Mas 2024

Grafik 15
Metòd prensipal pou verifeye enfòmasyon jounalis yo itilize




Etid sou Ekosistèm Enfòmasyon an Ayiti, Internews & Panos, Fevriye-Mas 2024

Grafik 16
Metòd prensipal pou verifeye enfòmasyon medya jounalis ap kolabore ak yo yo itilize




Etid sou Ekosistèm Enfòmasyon an Ayiti, Internews & Panos, Fevriye-Mas 2024

Grafik 17
Sa founisè enfòmasyon yo di ou disponiblite zouti ak resous ki nesèsè pou diminye pataj move enfòmasyon



Etid sou Ekosistèm Enfòmasyon an Ayiti, Internews & Panos, Fevriye-Mas 2024


Grafik 18
Sa founisè enfòmasyon yo di sou fòmasyon yo te suiv sou zouti ak resous pou diminye pataj move enfòmasyon



Etid sou Ekosistèm Enfòmasyon an Ayiti, Internews & Panos, Fevriye-Mas 2024

Grafik 19


Sa patisipan nan sondaj yo di sou nivo paspouki medya yo an Ayiti



Etid sou Ekosistèm Enfòmasyon an Ayiti, Internews & Panos, Fevriye-Mas 2024

Grafik 20


Sa patisipan nan sondaj lan di sou fòm medya ki pi efikas pou enfòmasyon piblik la sou sijè ki gen rapò ak gouvènans, demokrasi, ak eleksyon



Etid sou Ekosistèm Enfòmasyon an Ayiti, Internews & Panos, Fevriye-Mas 2024

Grafik 21

Mezi pou gouvènman an pran pou ede laprès kouvri sijè sou eleksyon yo anvan, pandan epi apre peryòd elektoral la



Etid sou Ekosistèm Enfòmasyon an Ayiti, Internews & Panos, Fevriye-Mas 2024

KONKLIZYON AK REKÒMANDASYON

5.1 Konklizyon

Plizyè rezilta kle parèt nan analiz anvan yo sou ekosistèm enfòmasyon ayisyen an sou sijè ki gen rapò ak gouvènans ak eleksyon pou moun k ap bay enfòmasyon ak moun ki tandè nouvèl. Rezilta sa yo, ta ka enpòtan pou sektè enfòmasyon ayisyen an ak pwogram li yo.

[Gen divèjans nan repons sitwayen yo pou pale de medya yo prefere yo.](#) Gen kèk ki pito jwenn enfòmasyon yo nan medya tradisyonèl yo akòz « deriv ki genyen nan kesyon rezo sosyal yo » ak « posibilite pou jwenn aksè ak enfòmasyon ki pi fyab » nan medya tradisyonèl yo. Gen lòt ki pito itilize medya sosyal yo paske kontni yo souvan pataje nan fòm videyo ak imaj ke itilizatè yo ka wè an dirèk.

[Sepandan, nan mitan konsomatè enfòmasyon yo, gen yon akò jeneral : yo panse medya tradisyonèl yo pi serye epi yo pi atantif sou difizyon bon jan kalite enfòmasyon.](#) Sa pa depaman ak rezilta etid kantitatif ki te fèt sou « founisè enfòmasyon yo », kote majorite di ke medya yo kolabore ak yo tabli pwosesis pou verifye kalite enfòmasyon anvan yo pataje yo.

Akòz pwoblèm nan jwenn bon jan kalite enfòmasyon, konsomatè yo gen gwo dout sou enfòmasyon ki pibliye sou rezo sosyal yo an jeneral, sou Facebook sitou. Dapre yo, enfòmasyon ki pibliye sou rezo sosyal yo pa revize menm jan ak sa ki pase nan medya tradisyonèl yo.

[Kidonk, sitiyaasyon sa a pouse yo verifye enfòmasyon yo resevwa sou rezo sosyal yo anvan yo pataje yo.](#) Estrateji prensipal yo itilize pou verifye enfòmasyon yo se verifye lè bò kote fanmi, zanmi, oswa vwazen. Li enpòtan pou nou sonje sa pa elimine pwoblèm dezenfòmasyon an, jan yo wè sa klè nan medya yo an Ayiti. Men li ede Ayisyen rete veyatif epi reflechi avan yo pataje enfòmasyon yo.

Gen yon enterè k ap grandi lakay oditè yo pou resevwa enfòmasyon sou sijè ki gen ladan politik sekirite piblik anvan eleksyon yo ak politik sekirite ak mezi ekonomik apre eleksyon yo. Malgre konsomatè yo panse ke medya yo manke kouvri sijè ki gen rapò ak gouvènans, prèske tout patisipan nan fokis gwoup yo dako ke [prijorite medya yo se ta dwe kouvri sitiyaasyon ensekirite ki tabli kol nan peyi a.](#)

Dapre etid la, founisè enfòmasyon ayisyen yo fè fas ak gwo defi nan kouvri sijè ki gen rapò ak gouvènans ak eleksyon yo. Pifò nan yo ki te reponn ak sondaj endike yo pè presyon politik. Dapre yo, fè pwomosyon divès kalite panse ak opinyon nan medya yo, epi

garanti sekirite jounalis yo se mezi prensipal gouvènman an ta dwe adopte pou pèmèt yo bay bon jan kouvèti sou eleksyon yo anvan, pandan, ak apre.

Tou de kote « demann ak òf enfòmasyon⁵ » nan ekosistèm enfòmasyon an dakò sou nesosite pou medya rete san paspouki nan peyi a. Konsomatè enfòmasyon yo deklare medya ayisyen yo te gen foskote nan bay nouvèl sou eleksyon 2016 yo. Anplis, 80% nan moun k ap bay enfòmasyon yo ki reponn ak sondaj lan kwè medya ayisyen yo swa ontijan san paspouki oubyen pa gen paspouki tou depann enfòmasyon y ap pataje a.

Dapre « konsomatè enfòmasyon yo », pwoblèm paspouki an anpeche medya yo jwe wòl enpòtan li genyen nan enfòmasyon popilasyon an ak ranfòse fonksyonman efikas sistèm demokratik la. Konsènan wòl kle medya yo, sitwayen yo te diskite sou medya yo ki ta dwe kontinye enfòmasyon piblik la sou aktivite gouvènman an, pandan y ap edike popilasyon an sou sijè ki gen rapò ak gouvènans ak eleksyon yo. An jeneral, patisipan yo te ekspriye enpòtans medya yo nan kontribye nan pwomosyon yon demokrasi patisipatif ak rapò sou aksyon gouvènman an. Pa egzanp, nan fè analiz konparatif sou pwomès kanpay ak reyalyasyon gouvènman an annapre.

« Founisè enfòmasyon yo » ki te reponn sondaj pou etid sa a te mete aksan sou nesosite pou medya yo jwe yon wòl pi efikas nan ranfòse demokrasi ak bay enfòmasyon egzat ki gen rapò ak gouvènans ak eleksyon. Yo di wòl medya yo jounen jodia nan ogmante konsyans popilasyon an lan sou sijè ki gen rapò ak gouvènans ak eleksyon swa pa efikas ditou oswa manke efikas.

⁵ Moun k ap konsome ak moun k ap bay enfòmasyon

5.2 Rekòmandasyon

Dènye chapit etid « [Kout je sou ekosistèm enfòmasyon an Ayiti – Konfyans nan enfòmasyon ak kouvèti enfòmasyon ki gen rapò ak gouvènans epi eleksyon](#) » prezante sijesyon pou moun ak òganizasyon lokal ak entènasyonal k ap travay nan koze medya ak enfòmasyon an Ayiti, espesyalman moun k ap travay dirèkteman ak Founisè enfòmasyon yo. Rekòmandasyon sa yo bay nan optik pou ankouraje disponiblite ak aksè nan enfòmasyon serye ak bon jan kalite ki satisfè bezwen konsomatè yo, pandan y ap kontribiyè nan ankouraje demokrasi tabli nan peyi a.

- [Sipòte medya lokal yo pou bay bon enfòmasyon](#): Jounalis, òganizasyon medya yo ak edikatè jounalis an Ayiti ta dwe resevwa bon jan fòmasyon sou zouti ak teknik bazik epi avanse sou verifikasyon kontni. Dokiman « [Internews 2020 Port-au-Prince IEA](#) » bay yon lis konplè sijesyon ak zouti ki disponib gratis. Anplis de sa, Internews ak Panos te devlope yon « [Twous Zouti pou anpeche Dezenfòmasyon](#) », li gen pou objektif ogmante kapasite gwoup lokal yo pou batay kont fo nouvèl kap sikile yo. Zouti sa yo bay solisyon ki pwòp a kontèks ayiti e li chita sou bezwen pou anpeche fo nouvèl ak dezenfòmasyon sikile. Li disponib an kreyòl.
- [Sipòte founisè enfòmasyon moun fè konfyans pou yo kapab pwodui kontni kalite](#) : Li enpòtan pou n asire nou « [founisè enfòmasyon](#) » moun fè konfyans yo, keseswa jounalis oubyen medya yo, ka patisipe nan ekosistèm enfòmasyon an, paske yo souvan manke resous epi yo fè fas ak divès defi, jan patisipan yo nan etid sa temwanyen li.
- [Sipòte jounalis investigasyon](#) : Medya endepandan ansanm avèk aksè ak bon jan kalite enfòmasyon epi enfòmasyon san patipri enpòtan pèmèt jwe wòl « je pèp

la», nan bay sitwayen yo bon jan enfòmasyon yo bezwen pou fòse sektè piblik ak prive yo pran responsabilite yo. Fòme jounalis nan domenn jounalis investigasyon epi sipòte kreyasyon kontni ki ankouraje dyalòg ak diskisyon sou pwomès ak rezilta kanpay eleksyon yo ka ede ranfòse libète laprès nan peyi a epi bay Ayisyen plis pouvwa.

- [Sipòte jounalis done](#): Fòme jounalis yo nan domenn jounalis ki chita sou done pou yo kapab gen kapasite pou yo kolekte epi analize gwo seri done pou pi byen konprann pwoblèm Ayisyen nan peyi a ap viv, e kijan pou yo abòde pwoblèm sa yo nan nivo endividyèl, kominote ak Leta. « [Jounalis done](#) » pèmèt yo eksplwate done pou fè bon jan repòtaj ki ale nan sans enterè piblik, kreye yon sistèm sipò pou asire kalite papye oubyen repòtaj jounalist yo pwodwi. Epi devlope kapasite lokal pou jounalis ayisyen yo kontinye fè travay enpòtan yo menm lè yon pwojè konsa ta kanpe.
- [Amelyore mezi ak politik sou kose sekirite](#): Bay jounalis endepandan, tout lòt founisè enfòmasyon, ak medya yo fòmasyon sou sekirite fizik ak dijital, pwotokòl sekirite pèsònèl ak òganizasyonèl, epi resous. Lòt sipò ta ka gen

ladan ranbousman depans demenajman jounalis yo, kouvèti medikal nan ka aksidan nan travay la, sipò sou sante mantal, èd pou yo konsilte avoka, ak lòt bezwen sekirite « [founisè enfòmasyon](#) » yo pou redwi obstak ke yo ka rankontre nan kad travay yo an Ayiti.

- [Fè modèl finansye ak pwogramasyon medya yo pi djanm](#): Bay medya yo ak jounalis yo fòmasyon, zouti ak sipò pratik pou fè pwogram yo pi fleksib, epi ranfòse ak varye sous lajan yo, pou pèmèt yo kouvri nouvèl nan tout endepandans.
- [Rapwoche popilasyon an epi satisfè bezwen enfòmasyon yo](#): Medya yo gen enterè nan chita pale ak popilasyon an pou yo ka rive jwenn fidbak, medya yo dwe mete sou aplike pwogram kolaborasyon pou idantifye sijè enfòmasyon konsomatè yo vle aprann epi tandè plis sou yo. Medya yo dwe adapte yo a nouvo fòma epi fason pou bay enfòmasyon yo pandan ke ekosistèm enfòmasyon an ap kontinye evolye.
- [Ogmante sijè sou gouvènans ak eleksyon yo dapre bezwen popilasyon an](#): Fè atelye pou konstwi kapasite medya yo sou fason pou yo fè repòtaj ak konstwui istwa sou sijè gouvènans ak eleksyon yo, san patipri ak zanmitay.
- [Sipòte divès kalte medya](#): Gras ak zouti jiridik epi pledwaye sosyal, ankouraje divès kalte panse ak opinyon vwa nan medya yo an Ayiti, sitou nan peryòd eleksyon, pou ankouraje yon reprezantasyon ekilibre de diferan opinyon politik nan medya yo.

KOUT JE SOU EKOSISTÈM ENFÒMASYON AN AYITI - KONFYANS NAN ENFÒMASYON AK KOUVÈTI ENFÒMASYON KI GEN RAPÒ AK GOUVÈNANS EPI ELEKSYON



Etid sa rive fèt gras ak sipò pèp Ameriken an atravè Ajans Ameriken pou Devlopman Entènasyonal (USAID) anba kontra nimewo 72052123LA00001. Opinyon ki ekspriye nan dokiman sa se opinyon sila ki ekri dokiman an, yo pa fòseman reflekte pwendvi USAID oubyen Gouvènman Etazini an.

Konsepsyon ak analiz etid sa rive fèt san fòs kote, ak tout endepandans Institut Panos ak Policité, ak kontribisyon Internews.